

June 6th, 2017

Haitian

Chè Paran/ Responsab,

Lekòl Piblik Boston yo ap travay pou prepare chak elèv pou yo ka gen reyisit, e pou sa ka rive fèt sa kòmnanse depi nan bis jòn nan, anpil elèv monte chak jou yo. Apati jodi a, LPB (BPS an anglè) mande patisipasyon pa'w nan pwosesis RSVP (repondez s'il vous plait) ki fèt chak ane a. Nan pwosesis sa n'ap mande'w pou 'w:

- 1) Konfime, si ou konnen deja, ki lekòl pitit ou a (oswa pitit ou yo) prale pou ane lekòl 2017-2018 la.
- 2) Bay LPB ki mwayen transpò ou plis prefere*, pou chak timoun ou genyen, pou ane lekòl 2017-2018 la.

*Le ou fè nou konnen ki sa ou prefere a lavans sa pèmèt nou fè yon pi bon pwogram trajè pou bis yo epi sa ede nou diminye depans ki te gen pou fèt, konsa gen plis kòb ki disponib pou depanse pou klas lekòl yo. Repons ou ap pèmèt nou amelyore transpò ekolye yo.

Pou konplete demann enfòmasyon sa a, tanpri (chwazi youn):

- Vizite sit entènèt nou an (sa t'ap pi bon): www.bostonpublicschools.org/contact
- Oubyen, rele nan telefòn: 617.635.9520
- Oubyen, vizite nou an pesòn: The Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington St., Boston, MA 02119
Transportation Office (Biwo Transpò Zzyem etaj)

Nou konprann ke li posib pou enfòmasyon sa yo ak sa ou ta pi pito chanje depi jodi a rive jouk lè lòt ane lekòl la kòmnanse. Si sa ta rive w'ap ka toujou aktyalize enfòmasyon sa yo nenpòt lè (menm apre dat limit la). Plis nou resevwa RSVP pa'w la bone se plis n'ap ka byen planifye sèvis transpò a pou ou. N'ap mande'w **tanpri konplete yon RSVP pou chak timoun pou pita Mekredi, 14 Jen, 2017.** Si nou pa resevwa omwens yon RSVP pou yon timoun, sa ka rive nou koupe sèvis transpò a nan kòmnanman lòt ane lekòl la.

Mèsi pou bonjan kowoperasyon w'ap bay pou kore efò sa,



Tommy Chang, Ed.D.
Superintendent



John Hanlon
Chief of Operations